



# Ankre nan Reyalite Lokal: Etid Ka sou Aksyon Imanite ann Ayiti

*Yon ekstrè Ankre nan Reyalite Lokal: Etid Ka sou Aksyon Imanite ann Ayiti, an Kolonbi ak ann Irak*

YON ETID OXFAM AK FEINSTEIN INTERNATIONAL CENTER 

Sabina Robillard, Isabella Jean, Tara Gingerich, Carlos Esteban Mejía, Ledis Bohórquez Farfan, Daryl Grisgraber, Tonny Joseph ak Daniel Maxwell

# Sentez

Depi lontan, kritik sou èd imanité entènasyonal yo sigjere li dwe pi enklizif pou aktè ki nan peyi kriz la touche. Yon atansyon ki pa sispans ogmante sou kesyon sa a depi apeprè yon dizèn lane konvèje nan yon ansanm pwogram yo rele souvan “lokalizasyon” èd imanité, “lidèchip imanité lokal” (LHL), ak “aksyon imanité lokal” (LHA). Men, pa gen anpil konsansis sou definisyon ak konsèp kle konsènan tèm sa yo. Ki sa “lokal” vle di an reyalyte? Kilès yo konsidere kòm yon “aktè imanité lokal”? Ki objektif pwogram sa yo? An jeneral, yo dirije konvèsasyon sa yo epi akse yo sou eksperyans aktè imanité entènasyonal yo, ki yo menm fasone diskou a sou sitiyasyon aktyèl la ak refòm ki nesèsè. Sa pa gen lontan, gen plis efò ki fèt pou resantre vwa aktè imanité lokal yo nan diskisyon sa yo.

An 2019, Oxfam ak Feinstein International Center, Friedman School of Nutrition Science and Policy nan Tufts University te kolabore nan yon etid pou koute pèspektiv yon gwoup aktè imanité lokal divèsifye sou fason yo defini aksyon imanité lokal; sa yo konsidere kòm prensipal obstak ak opòtinite pou lidèchip imanité lokal; epi sa yo kwè ki priyorite pou rechèch ak diskisyon alavni. Yo te òganize etid la sou etid ka twa (3) efò diferan konsènan entèvansyon imanité:

1. **Entèvansyon fas ak Ouragan Matye nan sid rejyon Ayiti;**
2. **Entèvansyon fas ak kris migran ak depasman apati divès konfli an Kolonbi; ak**
3. **Entèvansyon fas ak depasman entèn an mas popilasyon an apati konfli ak ISIS ann Irak ak rejyon Kurdistan nan Irak (KRI).**

Yo te elabore metodoloji a pou l fleksib epi pou l pèmèt aktè lokal yo detèmine direksyon an ak priyorite diskisyon yo, sa ki te debouche sou twa (3) etid ka trè diferan. Malgre diferans yo, modèl resi ak obsèvasyon yo parèt nan toule twa (3) ka yo. Men yon rezime pou konklizyon sa yo:

- Aktè imanité lokal yo pa fòme yon gwoup omojèn. Li enpòtan pou n konprann kouch idantite yo ak kòman yo kontribye nan

dinamik pouvwa ak relasyon ant yo menm. Menm tèm “aktè imanité lokal” pa anglobe aspè sosyal ak relasyonèl sa yo konsidere kòm lokal; tèm nan kapab eskli gwoup yo pa idantifye kòm imanité tou men poutan ki jwe yon wòl esansyèl konsènan entèvansyon nan kriz;

- Aktè entènasyonal yo pa omojèn nonplis epi yo kapab gen efè pozitif ak negatif sou aksyon ak lidèchip imanité lokal. Selon avi plizyè aktè lokal, pou gen yon efè pozitif, aktè entènasyonal yo dwe angaje yo avan (oswa nan mitan) kriz sou kesyon yo pa t ap konsidere kòm imanité an jeneral, tankou gouvènans oswa rezilyans;
- Kwak literati a akse sou sistèm ak aktè entènasyonal yo kòm obstak fas ak lidèchip imanité lokal, plizyè aktè lokal konsidere gouvènman yo a prezante menm defi yo, vwa plis, nan aksyon imanité lokal. Men, an jeneral, yo pa konsidere fristrasyon kont leta kòm yon jistifikasyon pou aktè entènasyonal yo kontoune otorite leta nan moman kriz. Plizyè moun konsidere refòm sistèm gouvènman yo esansyèl pou asire yon lidèchip imanité lokal ki efikas epi ki fonde sou prensip;
- Li te souvan difisil pou di si yo te dirije entèvansyon yo lokalman, paske chak entèvansyon imanité konpoze ak divès efò diferan; anpil ladan yo fèt lokalman. Poutan, nan etid ka nou an, ta sanble aktè lokal yo pa t kòdone majorite resous yo, ni menm desizyon sou resous sa yo; epi
- Kwak plizyè aktè imanité lokal estime finansman ak resous esansyèl nan aksyon imanité, prèske tout moun yo entèwoje yo met aksan sou aksè ak espas pou pran desizyon sou kriz imanité ak respè vwa yo nan espas sa yo.

Kwak nou pa kapab tire konklizyon ki soti nan chan aplikasyon ka espesifik nou etidye yo, yo

kapab kontribye nan yon pi gran diskisyon sou refòm imanite an rapò ak lidèchip imanite lokal. Rekòmandasyon yo se:

- Li enpòtan pou pwofesyonèl, chèchè, desidè politik konsyan sou fason yo defini epi konprann kilès ki se yon aktè imanite lokal pou yo asire yo pa eskli aktè enpòtan ki pa tradisyonèl oswa ki enfòmèl yo;
- Gwo refòm nesèsè toujou pou rann estrikti entènasyonal pou finansman, kòdinasyon ak patenarya pi transparan, pi koyeran epi pi aksesib pou aktè lokal divès;
- Li kapab nesèsè pou met plis aksan sou refòm anndan gouvènman ki konsène yo pou pèmèt yon lidèchip ak aksyon imanite lokal ki pi efikas.
- Aktè entènasyonal yo dwe petèt pi fleksib epi dispoze pou jwe wòl ki pa tradisyonèl si yo vle soutni aksyon imanite lokal.
- Tout tip aktè dwe elwanye yo de relasyon tranzaksyonèl nan kriz imanite pou oryante yo nan relasyon ki pi ekitab;
- Bayè de fon ak òganis egzekisyon yo dwe ogmante envestisman nan patenarya, rezo, mekanis kòdinasyon ak ranfòsman mityèl kapasite yo avan (oswa nan mitan) kriz; epi
- Plis rechèch sou wòl ak eksperyans gwoup yo mete sou kote yo ak aktè ki pa tradisyonèl oswa ki enfòmèl yo nan kontèks aksyon imanite lokal ta kapab kontribye nan eklere refòm lokalizasyon an.

Twa (3) lane aprè Somè Imanite Mondyal la, yon seri aktè, an patikilye aktè lokal, te mete pwogrè ak enpak lokalizasyon an LHL, ak LHA an kesyon. Pandan kominote imanite entènasyonal la tout antye ap reflechi sou pwogrè sa a, rechèch sa a sigjere plis dyalòg ak aktè lokal yo nan divès kontèks kapab eklere epi oryante diskisyon ak desizyon yo pi byen alavni.

# Etid Ka Ayiti

## Kontèks

Ayiti se peyi ki pi ekspozé fas ak katastwòf natirèl (Bank Mondyal 2015) nan tout peyi nan Amerik Latin nan oswa nan Karayib la. Ouragan ak tanpèt twopikal souvan frappe l, degradasyon jeneralize anviwònman an, deforestasyon an patikilye, agrave efè yo. Enstabilite politik kwonik, feblès gouvènans ak mank resous afèbli kapasite leta ayisyen an plis toujou nan prepare kòrèkteman pou katastwòf natirèl kèlkeswa anplè l, nan reyaji epi nan diminye efè l. Fèb kapasite leta fè òganizasyon entènasyonal yo, ki gen yon prezans semi-pèmanan nan peyi a, pou anpil ladan yo, jwe yon wòl enpòtan, e kèk moun ta menm di yon wòl dominan, ni nan preparasyon pou katastwòf sa yo ni nan entèkansyon an epi li favorize sa. Wòl enpòtan òganizasyon entènasyonal jwe a kapab redui kapasite ak volonte leta ak lòt aktè yo pou jere katastwòf. Yo konsidere tranblemanntè ki te frappe Ayiti 12 janvye 2010 la kòm yon gwo ilustrasyon sou dinamik sa yo: yo te kritike entèkansyon imanité masif ki te fèt la anpil akòz yo te mete tout tip aktè lokal yo aleka sistematikman.

Ouragan Matye debake ann Ayiti kòm yon ouragan Kategori 4 jou ki te 4 oktòb 2016. Sidwès Ayiti te patikilyèman frappe, sitou depatman<sup>1</sup> sid, Grandans ak Nip. Rapò ofisyèl bay plis pase 500 mò, ak plis pase 175,000 moun ki deplase (UN OCHA 2017), men petèt chif yo te plis toujou (Marcelin ak Cela 2017). Domaj pon ak wout kritik te bloke aksè ak zòn antye ki touche nan sidwès la (Harrup 2016), epi menm mwa aprè ouragan an, pon ak wout andomaje te bloke aksè a toujou (UN OCHA 2016). Mank aksè sa a vle di tout entèkansyon inisyal ak Ouragan Matye ak pifò èd imedyà pou sove vi yo te lokal puiske li te fizikman enposib pou aktè eksteryè yo rive nan zòn ki touche yo.

Anpil moun te konsidere entèkansyon fas ak Ouragan Matye a kòm yon opòtinite pou tire leson sou tranblemanntè 2010 la (Grünewald ak

Schenkenberg 2016). Kwak gen yon konsansis sou kesyon te gen plis lidèchip gouvènmantal nan entèkansyon fas ak Ouragan Matye 2016 la pase nan tranblemanntè 2010 la, yo konsidere defi an matyè kòdinasyon, kominikasyon, ak patisipasyon ak responsablite kominotè kòm jeneralize (Grünewald ak Schenkenberg 2016). Entèkansyon an te pi konplike toujou akòz te dwe gen eleksyon prezidansyèl ak palemanntè yon semèn aprè Ouragan Matye frappe (Grünewald ak Schenkenberg 2016; Marcelin ak Cela 2017).

Etid ka sa a akse sou Okay ki se kapital depatman sid la, epi ki se yon komin nan vwazinaj lòt. Ouragan Matye te frappe Okay dirèkteman ki se youn nan rejyon ki pa t kapab resevwa èd eksteryè okòmansman. Yo konsidere Okay kòm twazyèm vil Ayiti; li gen yon sosyete sivil ak yon sektè ekonomik ki solid, kwak pa definisyon li periferik ak sant pouvwa politik la ak èd etranje ki konsantre Pòtoprens, kapital la.

## Prensipal Konsta

### *Ki sa “aktè lokal” ye?*

Opinyon enfòmèlè kle yo varye sou kilès yo ta kapab konsidere kòm yon aktè lokal.

Li pa etonan pou premye dimansyon yo ta kapab konsidere kòm lokal te jewografik. Yon enfòmèlè kle nan seksyon Lakwa Wouj lokal la te klase yon sèten nonm ONG entènasyonal kòm lokal paske yo te travay Okay depi lontan avan ouragan an, tankou Catholic Relief Services, yon ONG entènasyonal ki Okay depi 1954. Men lòt moun rejte ide sa a. Pandan rankont sou Aprantisaj ak Retwovaksyon an, tout patisipan yo rejte ide ki detèmine yon aktè kòm lokal an fonksyon kote biwo l ye oswa akòz valè tan li pase nan yon kominote. Patipisan yo te diskite sou fenomèn òganizasyon pòch ki gen biwo lokal long dat men ki pa fè aksyon, epi yo souliye yon òganizasyon dwe aktif epi li dwe reponn ak bezwen lokal pou l

4 “Depatman” se ekivalan ayisyen pou pwovens oswa eta.

gen yon lejitimite kèlkonk. Nan lòt sans, yo estime yon prezans fizik long dat nan kominote ki konsène a nesèsè men li pa ase pou yo kalifye yon òganizasyon kòm yon aktè lokal lejitim.

Konsannsis ki pi laj pami enfòmasyon kle yo, an patikilye pandan rankont sou Aprantisaj ak Retwowsasyon an, se te yon aktè lokal dwe “ankre nan lojik kominote a” pou l koute kominote a epi pou yo koute l, epi li dwe kapab egzèsè yon lidèchip nan kominote a. Te gen yon deba anime tou sou wòl finansman nan detèmine si yon aktè lokal. Pifò patisipan yo te dakò yo pa ta dwe konsidere òganizasyon ki depann antyèman de fon ekstèn kòm lokal (kwak yo pa rive detèmine egzakteman sa yo ta kapab konsidere kòm yon finansman ekstèn). Men, yon minorite estime aksè ak tout tip finansman anpeche yon òganizasyon pou l lokal paske li dwe rann moun ki pa nan kominote a kont. Sa ki enteresan, lè nou mande yo defini aktè imanitè lokal, okenn patisipan pa mansyone egzijans konsènan eksperyans entèkansyon nan kriz imanitè oswa idantifikasyon kòm òganizasyon imanitè.

Etid ka sa a ilistre kòman tèm “lokal” li menm se yon konsèp ki relatif. Youn nan mèn nou te abòde yo konsidere manm gouvènman nasyonal la, ni eli komin li an, kòm ajan ekstèn ki kraze efò entèkansyon l nan katastwòf epi ki konplike l akòz mank konesans ak mank responsablite yo sou plan lokal. Yon lòt bò, plizyè manm kominote ki te touche ak òganizasyon kominote (CBOs) yo te konsidere mèn yo a kòm yon aktè ekstèn epi inaksesib ki bliye egzistans ak bezwen yo. Yon gwoup diskisyon revele menm anndan menm seksyon kominal la,<sup>2</sup> manm yon vilaj konsidere CASEC lokal la<sup>3</sup> kòm yon ajan ekstèn akòz li ta favorize vilaj pa l la parapò ak pa yo a nan distribisyon atik sekou. Gen yon fonksyonman paralèl ki fòme ak kouch idantite monte youn sou lòt ki parèt byen klè nan kriz imanitè yo.

Entèkansyon yo te ilistre dinamik pouvwa ant aktè lokal yo tou. Jan nou endike l la, prèske tout patisipan nan gwoup diskisyon yo ak enfòmasyon kle yo ekspri yon gwo fristrasyon kont leta epi yo akize l li “politize” èd.<sup>4</sup> Yon prèt vodou nou te entèwoje

estime kominote relijye l la eskli nan patisipasyon nan estrikti dezizyonèl yo akòz istorikman yo mete kominote vodou a sou kote. Yon CBO ekspri rankin akòz ONG lokal ak entèkansyon yo itilize fon pou èd yo pou peye pèsònèl la, alòske CBO a ta kapab mete lajan sa a nan travay imanitè piske se volontè ki te dirije òganizasyon yo. Yon reprezantan sektè prive lokal la pa t fè ONG yo konfyans pou yo pran dezizyon estratejik konsènan èd, kit yo ayisyen oswa entèkansyon, paske li estime pwòp misyon ak bezwen resous yo rann yo twò avèg. Kèk aktè lokal mefyè yo de lòt yo, yo konsidere yo pa siyifyan oswa pètinan akòz enpòtans relativman fèb resous yo mobilize yo.

Men, entèkansyon yo ilistre fòs relasyon nan kominote ki touche yo ak pami divès aktè lokal ak nasyonal yo tou, an patikilye relasyon ki te egziste avan ouragan an. Anpil moun te soti vivan gras ak kapasite yo pou tire pwofi (lajman enfòmèl) apati relasyon ak lòt aktè lokal ak nasyonal (ale nan seksyon pi ba a), epi te gen plizyè egzant pataj resous ak enfòmasyon pami aktè lokal ak nasyonal. Paregzant, yon òganizasyon lokal sou pwoteksyon timoun Okay te mande kominote a pou ofri l yon biwo tanporè aprè destriksyon biwo pa l la, sa ki te pèmèt yo bay lòt aktè lokal ak nasyonal yo enfòmasyon ak konsèy.

Dyalòg nou ak rezidan lokal yo montre konsèp yon aktè lokal nan kontèks entèkansyon nan Ouragan Matye konplèks epi li souvan relatif. Li esansyèl pou n konprann alafwa dinamik ipèlkal (tankou mefyans ant reprezantan vilaj yo) ak kontèks pi laj la (eleksyon nasyonal ak refòm imanitè aprè tranblemanntè) pou n konprann ki sa ki lokal pou kilès ak ki lè se enpòtan.

### *Èske yo te dirije entèkansyon 2016 fas ak Ouragan Matye a lokalman?*

Etid ka a konfime nan premye jou yo e menm kèk semèn aprè Ouragan Matye a, entèkansyon yo pa t lokal sèlman men yo te esklizivman lokal tou, piske aktè eksteryè yo pa t kapab gen aksè ak zòn ki touche yo. Chak antretyen ak gwoup diskisyon yo te prezante egzant ak istwa sitwayen òdinè ki te aji kòm imanitè pou sove lavi epi bay vwazen yo pwodui premye nesèsite. Tout kay ki pa t detui aprè ouragan

2 Pi piti divizyon administratif ann Ayiti.

3 Konsèy Administratif Seksyon Kominal (Conseil d'Administration de la Section Communale (CASEC)) se otorite lokal ki pi desantralize ann Ayiti.

4 Marcelin ak Cela (2017) te soulinye akizasyon sa a, kwak sa pa ra ann Ayiti, petèt apwòch eleksyon yo te agrave a.

an te vin imedyatman yon chèlèt ijans pou sa yo ki pèdi kay yo, epi vwazen yo te pataje tout manje ak dlo ki disponib ant yo. Yon enfòmasyon kle dekri li te ebeje plis pase 20 fanmi lakay li pandan plis pase de (2) mwa aprè ouragan an. Kominote kriz la te touche a te debloke anpil wout ak ravin kèk jou aprè ouragan an. Pifò aksyon sa yo te espontane epi otowòganize, kwak otorite lokal yo te kòdone kèk aktivite—an patikilye debleyaj wout. Yon enfòmasyon kle pale de aktivite sekou imedya sa yo: “Si pa t gen solidarite, moun yo t ap mouri.”

Te gen egzanp dirijan lokal ki fòme gwoup pwoteksyon kominote pou idantifye timoun ki pi frajil yo. Yon gwoup volontè espontane Okay reyisi kolekte plis pase USD 10,000 epi distribye èd nan zòn rural ki touche yo san angaje yo ak aktè entènasyonal yo (kwak yo te tante patisipe an ven nan yon rankont kòdinasyon).

Nan sa ki konsène lidèchip lokal nan entèkansyon imanite ofisyèl la, tablo a pi melanje. Moun yo dekri egzanp patenarya endividyèl ak fowòm kòdinasyon yo te dirije lokalman. Plizyè ONG lokal ak Lakwa Wouj Ayisyen, ki te gen relasyon ak aktè entènasyonal yo, te gen santiman patnè entènasyonal yo a te koute yo epi yo te kapab plase yon mo sou fason entèkansyon an te elabore a. Chak mèt nou te abòde te site youn (1) oswa de (2) patnè entènasyonal ki te ouvè, kolaboratif epi reseptif fas ak konsèy lokal nan fason yo te òganize pwogram èd yo a. Plizyè enfòmasyon kle masyone sou-gwoup pwoteksyon an te yon modèl kòdinasyon aprè katastwòf: yon ajans gouvènmantral teknik te dirije<sup>5</sup> ak soutyen UNICEF ak lòt aktè entènasyonal, epi yo te gen yon prezans yon gwoup aktè lokal divèsifye ki fò epi aktif, soti nan lapolis rive nan òganizasyon non gouvènmantral lokal (LNGOs) ki te pataje enfòmasyon, oryantasyon epi ki te poze aksyon efikas. Aktè lokal tankou Chanm Komès, legliz katolik ak ajans pwoteksyon sivil te kontre efò yo pou livre bato founiti sekou imanite (kwak inisyativ sa a an patikilye pa t byen abouti).

Men, an gwo, plizyè aktè lokal estime yo pa t kapab konsidere yo te dirije entèkansyon an lokalman, an gwo, paske estrikti ki an plas yo pa t ase solid pou pèmèt tout aktè ekstèn yo kòdone ak dirijan lokal

yo epi rann yo kont. Toude mèt nou te abòde yo gen santiman yo te gen yon kontwòl limite sou èd yo pote nan komin yo a—plizyè aktè entènasyonal te deside pa patisipe nan estrikti kòdinasyon yo tousenpleman. Seksyon Lakwa Wouj lokal la te konfime kwak kèk aktè entènasyonal te patnè itil epi te montre respè, anpil lòt te kontoune kano kòdinasyon ofisyèl yo. Direktè estasyon radyo lokal la (ki te fè yon rapò ankèt sou efò pou fè entèkansyon yo) deklare kategorikman yo pa t dirije entèkansyon yo lokalman puiske aktè entènasyonal yo te gen plis kontwòl sou èd yo pote yo ak afektasyon yo; kwak sosyete sivil lokal la te aktif sètènman, mank resous relatif fè pifò ladan yo te aktè “ensiyifan” nan chema pi laj entèkansyon an. Okenn nan kominote, òganizasyon, dirijan enfòmèl ak volontè espontane nou te abòde yo pa t gen santiman te gen yon sistèm pou pèmèt yo tandè vwa yo; aksè ak resous ak estrikti desizyonèl yo te sanble depann de lyen pèsonèl avan ouragan an.

Kwak pa t manke plent konsènan konpòtman plizyè aktè entènasyonal ak chwa operasyonèl yo pandan entèkansyon an, santiman jeneral la se nati aktè entènasyonal yo se bay pwòp ajanda yo, objektif ak pwogram yo priorite. Selon konsansis lan, se responsablite leta pou l kreye estrikti ki ta aliyen aktè entènasyonal yo sou priorite ak bezwen lokal, epi echèk nan entèkansyon fas ak Ouragan Matye a se te finalman echèk gouvènans. Pandan tout antretyen yo, aktè entènasyonal ki asosye ak pwogram lokalizasyon an oswa ak angajman Grand Bargain nan yo te pran twa (3) lane avan sa a te gen konesans limite sou pwosesis refòm pi laj la.

### *Ki sa ki prensipal opòtinite ak obstak fas ak aksyon imanite yo dirije lokalman?*

Tout aktè lokal nou te rankontre epi abòde yo te montre yo fyè de efò yo nan entèkansyon fas ak Ouragan Matye, pandan yo konsyan de limit efikasite yo sou plan endividyèl ak estriktirèl. Konviksyon jeneral la se te yo dwe refòme estrikti entèkansyon imanite yo pou reponn ak priorite ak reyalyte lokal yo.

Selon aktè lokal ak nasyonal nou te abòde yo, pi gwo obstak fas ak entèkansyon imanite pi efikas yo dirije lokalman Okay ak nan anviwon yo se te

5 Enstiti Byennèt Sosyal ak Rechèch (IBESR), ajans gouvènmantral pou pwoteksyon timoun ak fanmi.

mank kapasite leta pou l jere entèvansyon fas ak katastwòf. Men, pifò enfòmasyon kle ak patisipan nan gwoup diskisyon yo te toujou rejte ide ki vle fè kwè feblès sa yo jistifye pou yo kontoune leta nan bay èd; se sèl CBO yo ki te sanble endike ajans ekstèn yo dwe kotoune leta pou angaje yo dirèkteman ak òganizasyon de baz yo. Rekòmandasyon pou chanjman yo te plis aksepte se refòm antite jesyon katastwòf leta yo apati 1) desantralizasyon ak 2) ranplasman moun yo nonmen pou rezon politik yo pa fonksyonè pwofesyonèl ki gen ekspètiz teknik ki pètinan. Menm yon reprezantan depatman pwoteksyon sivil ann Ayiti rekonèt gouvènman ayisyen an te politize pwosesis èd la nan pwen pou l pa t an mezi pou l ranpli wòl li. Tout patisipan nan rankont sou Retwòksyon ak Aprantisaj la estime leta ta dwe jwe wòl kòdinatè olye pou l okipe zafè jere èd dirèkteman.

Nan pifò antretyen ak gwoup diskisyon yo, ak nan rankont sou Aprantisaj ak Retwòksyon an sètènman, te gen yon santiman jeneral ki estime aktè entènasyonal yo bezwen aprann koute kominote ak òganizasyon lokal ki touche yo plis, adapte pwogram yo ak reyalyte lokal yo, epi investi nan inisyativ relèvman avan ak aprè katastwòf. Te gen konsansis tou, pandan rankont sou Ekout ak Retwòksyon an, konsènan kesyon enplikasyon yon si gran nonm etranje pa t nesèsè nan yon entèvansyon, Ayiti deja gen gwo kapasite imen ak ekspètiz. Sa ki entèresan, okenn nan moun nou te abòde yo pa t mande yon finansman pi dirèk eksplisitman; priyorite a sanble se te gen plis gen yon mo sou fason èd yo òganize epi distribye.

Pandan rankont sou Aprantisaj ak Retwòksyon an, patisipan yo te rive jwenn yon konsansis sou kesyon estrikti kòdinasyon yo dwe konpoze ak aktè sosyete sivil la prensipalman, ak leta ki jwe yon wòl siveyans ak kòdinasyon jeneral, ak òganizasyon entènasyonal yo kòm patisipan envite. Estrikti sa yo ta dwe egziste an pèmanans; sa vle di yo t ap gen fonksyon avan katastwòf, sitou resansman diferan aktè lokal yo pou konnen kilès ki gen yon prezans aktif, yon fason pou konnen klèman ak kilès yo ta dwe kopere kou yon katastwòf rive.

# Aneks: Metod ak Akte

Oxfam ak Feinstein International Center reyalize etid sa a ansanm. Ekip etid la te konpoze ak de (2) reprezantan chak enstitisyon yo ak yon (1) konsiltan endepandan; yo tout te fè rechèch epi pibliye atik sou sijè ki gen rapò ak aksyon imanite lokal avan sa.

Objektif rechèch sa a se te pèmèt aktè lokal yo defini LHA nan pwòp tèm pa yo, an fonksyon pwòp priyorite yo, kit priyorite sa yo gen rapò ak pwogram lokalizasyon an ou pa. Objektif espesifik rechèch la se te:

- Bay yon pi gran klate sou nati LHA nan diferan kontèks, ak sou sa yo konsidere kòm aktè imanite lokal, aksyon ak priyorite respektif yo, ak dinamik pouvwa ant yo menm ansanm ak aktè entènasyonal ak ekstèn yo;
- Idantifye prensipal opòtinite ak obstak fas ak lidèchip imanite lokal, jan aktè imanite lokal yo defini l lan; epi
- Idantifye domèn priyorite pou rechèch ak pwogram politik konsènan LHA ak LHL alavni.

Ekip etid la te elabore pwotokòl antretyen semi estriktire ak gid pou gwoup diskisyon ki gen kesyon ouvè, sa ki pèmèt patisipan yo dirije konvèsasyon yo epi konsantre sou kesyon yo jije ki pi enpòtan. Nou te idantifye patisipan yo apati yon pwosesis katografik nou reyalize ak kòlèg rejyon n ap etidye a, ansanm ak referans patisipan nan etid la bay pandan dewoulman rechèch la. Nou te fè efò pou n pale ak yon ansanm aktè lokal divèsifye ki gen eksperyans nan kriz imanite yo mansyone pi wo a, ni aktè imanite ki pa tradisyonèl epi/oswa ki enfòmèl, tankou aktè konfesyonèl, òganizasyon defans dwa fi ak gwoup volontè espontane (ale nan anèks 2). Lè ekip la te jije li pètinan, nou te konsilte kèk aktè entènasyonal tou pou yo bay avi yo sou kesyon espesifik. Nan fen travay tèren pou chak etid, nou te envite patisipan nan rechèch yo patisipe nan yon rankont sou retwovaksyon ak ekout kote ekip etid la prezante konklizyon l ak analiz pou egzamen ak kontribisyon siplemanè.

Nou pa t chwazi ka pou etid sa a ak moun ak òganizasyon nou te idantifye yo konsa konsa. Nou te seleksyone ka yo pou bay yon gam tip entèvansyon, zòn jewografik, fòs sosyete sivil ak gouvènman, ak prezans entènasyonal, men nan yo menm yo pa kapab kouvri gam kontèks pi laj kote entèvansyon imanite yo pwodui. Kidonk, etid sa a pa ni inivèsèlman jeneralizab ni reprezantatif pou tout ansanm entèvansyon imanite yo. Se pito yon apèsi sou entèvansyon patikilye aktè patikilye fè. Kriz imanite ak konsekans kriz sa yo dinamik; kidonk, etid sa a pa pretann li reprezantatif parapò ak reyalyte aktyèl la nan okenn nan domèn sa yo.



## Ayiti—antretyen ak gwoup diskisyon

Aktè	Baze nan	Sèks moun y ap entèwoje a(yo)	Total pa kategori
Kominote ak otorite lokal*	Tolyè (zòn riral aksesib)	Fi ak gason	2
Koperatif Peyizan*	Pòs Dwa (zòn riral relativman inaksesib)	Fi ak gason	
ONG nasyonal ki akse sou devlopman	Kanperan (zòn riral aksesib)	Gason	1
Lakwa Wouj Ayisyen	Vil Okay	Fi	2
Gwoup sivik (seksyon lokal òganizasyon nasyonal)	Vil Okay	Gason	
ONG Lokal (ki akse sou pwoteksyon timoun)	Vil Okay	Fi	3
ONG Lokal (ki akse sou byennèt fanmi)	Vil Okay	Fi	
ONG Lokal (ki akse sou èd imanità)	Vil Okay	Gason	
Gwoup volontè espontane	Vil Okay	Gason	2
Òganizasyon Kominotè	Loran (zòn riral ki yon jan izole men ki aksesib)	Gason	
Prèt vodou	Vil Okay	Gason	2
Biwo Achevèk la	Vil Okay	Gason	
Chanm Komès	Vil Okay	Gason	2
Estasyon radyo lokal	Vil Okay	Gason	
Biwo Mè a	Vil Okay	Gason	3
Biwo Mè a	Anikè (zòn riral kondisyonèlman aksesib)	Gason	
Depatman Pwoteksyon Sivil	Vil Okay	Gason	1
Catholic Relief Services	Vil Okay	Gason	
<b>Total</b>			<b>18</b>

\* Endike yon gwoup diskisyon

Aktè	Baze nan	Sèks patisipan an(yo)	Kantite patisipan
Prèt vodou ak kòlèg li	Vil Okay	Gason	2
Òganizasyon Kominotè	Loran (zòn riral ki yon jan izole men ki aksesib)	Gason	2
Lakwa Wouj Ayisyen	Vil Okay	Fi	1
ONG Lokal (ki akse sou byennèt fanmi)	Vil Okay	Fi	1
ONG Lokal (ki akse sou pwoteksyon timoun)	Vil Okay	Gason	1
Gwoup sivik (seksyon lokal òganizasyon nasyonal)	Vil Okay	Gason	1
<b>Total</b>			<b>8</b>

